ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК
ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛ БИЛИМИ ҲӘМ ӘДЕБИЯТТАНЫЎЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ

2/2014

**ББК 81.2. кк**
**Қ-21**

«Қарақалпақ тил билими ҳәм әдебияттаныўы» мәселелери топламының бул саны Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының дүзилгенине 80 жыл толыў ҳәм усы институтқа теберик исми берилген XIX әсир қарақалпақ поэзиясының жарық жулдызы Әжинияз Қосыбай улының туўылғанына 190 жыл толыў мерекелери мүнәсибетине бағышланады.

**Усы санға нәўбетшилик етип, қарап шығарған жуўаплы редактор:**

***Б. Қурбанбаева*** – Қарақалпақ тил билими кафедрасының үлкен оқытыўшысы, филология илимлериниң кандидаты

**Пикир билдириўшилер:**

***Ю.Ибрагимов*** – Өзбек филологиясы кафедрасының профессоры, филология илимлериниң докторы
***И.Дильманов*** – Рус филологиясы кафедрасының доценти, филология илимлериниң кандидаты

***Еслетпе:*** Топламда берилип атырған материаллардағы мағлыўматлардың ҳәм мазмунының дурыслығына авторлардың өзлери жуўапкер, олардың пикирлери редакцияның пикирлери болып есапланбайды.

Әжинияз атындағы НМПИ Оқыў-методикалық Кеңесиниң 2014-жыл 25-январь күнги 5-санлы мәжилисинде талқыланды ҳәм баспаға усыныс етилди.

230100 Өзбекистан Республикасы, Қарақалпақстан, Нөкис қаласы А.Досназаров көшеси, 104-жай. Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты. Телефонлар: 8 (361) 222 – 47 – 14 ; 8 (361) 222 – 82 – 76; факс: 8 (361) 222 – 65 – 10

ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ
ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛ БИЛИМИ ҲӘМ ӘДЕБИЯТТАНЫЎЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ

## ИЛИМИЙ МАҚАЛАЛАР ТОПЛАМЫ

## II КИТАП

**Топлам 2014-жыл март айынан баслап шығарыла баслады.**

**Қарақалпақ тил билими ҳәм әдебияттаныўы мәселелери**

**2/2014**

**ӨзРХБМ**

**НМПИ**
**НМПИ баспаханасы**

**Бас редактор:**

**Алламбергенов Кеңесбай –** филология илимлериниң докторы, профессор

**Редколлегия ағзалары:**

**1.Айымбетов Мақсет –** филология илимлериниң докторы, профессор

**2. Абдиназимов Шамшетдин–** филология илимлериниң докторы, профессор

**3. Қурамбаев Кәримбай-** филология илимлериниң докторы, профессор

**4. Пахратдинов Әбдисайыт -** филология илимлериниң докторы, профессор

**5. Ибрагимов Юлдаш -** филология илимлериниң докторы, профессор

**6. Қощанов Қутлымурат –** филология илимлериниң кандидаты, профессор

**7. Бекбергенова Мария –** филология илимлериниң кандидаты, доцент

**8. Диланов Бекмурза –** филология илимлериниң кандидаты

**9. Сайымбетов Орақбай –** филология илимлериниң кандидаты, доцент

**Нөкис - 2014**

Сорасаң елимди Қожбан бизлерден,
Қалпағы қазандай еллерим барды,
Қәте шықса, кешириңлер сөзлерден,
Қытай, Қоңырат атлы еллерим барды.

Көрип турғанымыздай туўылған жер ҳәр қандай адамның бахыт сарайы. Соның ушын да шайыр оның қайсы тәрепин жырласа да, толып-тасып мақтаныш пенен тәрийплейди. Бул оның ўатан темасындағы, туўылған жер темасындағы қосықларының тийкарғы мазмуны. Демек, шайырдың дөретиўшилигиниң тийкарғы темаларының бири - бул өз халқына деген шексиз сүйиспеншилик, патриотизм, ҳәм адамзатты ҳүрметлеў гуманизми болып табылады. Халықтың турмысы менен кеңнен таныс болған шайырдың ел-халыққа деген сүйиспеншилик сезими бул бағдардағы қосықларынан үлкен орын алған. Айрықша жоқарыдағы «Еллерим барды» қосығы шайырдың қазақ далаларында талап излеп жүрген ўақытлары жазылған. Қосықтың тийкарғы мазмуны өз елиниң тәбиятын ҳәм жақсы дәстүрлерин мақтаныш етиўден ибарат. Қосықта шайырдың туўылып өскен халқының тәбиятына шексиз сүйиспеншилиги байқалады, халқымыздың мәртлиги, батырлығы айқын бериледи. Усы өзгешеликлеринен келип шығып биз шайырдың бул идеяларды «Еллерим барды», «Бардур», «Айрылса», «Мегзер» қосықларында сөз еттик шайырдың туўған мәканына, өз ўатанына болған сүйиўшилигин өзгеше усылларда жеткерип бергенлигин көрип өттик.

Солай етип, Әжинияз Қосыбай улының ўатан темасындағы лирикаларының тийкарғы идеясы өз халқына, ана топырағына ҳадал хызмет етиў, садық болыў, ўатаны, келешеги ушын мийнет етиўге тәрбиялаўдан ибарат. Бул идеялар неше әсирлер өтсе де өз қәдирин жойытпайды, келешек әўладлар ушын да әҳмийетли болып қала береди.

**Әдебиятлар**


1. Мәмбетов К. Әжинияз. Нөкис, Билим, 1994, 148-бет.
2. Қалимбетов Б. Лирика Ажинияза. Ташкент, «Фан», 1991.
3. Қалимбетов Б.Әжинияз лирикасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981, 132-бет.


## ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫРДЫҢ «БОЗАТАЎ» ПОЭМАСЫНДА ЎАТАН ТУЙҒЫСЫ


**Г.М.Байниязова - Улыўма педагогика ҳәм психология кафедрасы ассистент оқытыўшысы**

**А.Алдабергенова - Тәбияттаныў факультетиниң талабасы**


Ҳәр бир миллеттиң өзиниң руўхый дүньясы, мәденияты, шаңарақтағы тәрбия ҳәм үрп-әдет дәстүрлерине байланыслы психологиялық өзгешеликлери бар.

Өзбекистан Республикасының Президенти И.А.Каримов: «Қарақалпақ халқы әййемги ҳәм бай тарийхқа ийе. Ол өзиниң миллий мәденияты, өзине тән көркем өнери, классикалық әдебияты, руўхый байлықлары, үрп-әдет ҳәм дәстүрлери менен пүткил дүньяға мәлим. Ғәрезсизлик миллий мәдениятты ҳәм руўхыйлықты тастыйықлаў, қарақалпақ халқының классик шайырлары Әжинияз, Бердақтың дөретиўшилик мийрасын толық қайта тиклеў, олардың жарқын естелигин мәңгилик етиў ушын жол ашты», - деп айрықша белгилеп көрсетти.[1]

XIX әсир қарақалпақ әдебиятының ең ири тулғаларының бири Әжинияз Қосыбай улының «Бозатаў» поэмасын өзиниң идеялық мазмуны, көркемлилиги ҳәм музыкалылығы жағынан тек ғана шайырдың емес, сондай-ақ қарақалпақ поэзиясының маржаны деўге болады. Поэма халыққа оғада кең таралған тарийхый шығармалардың бири. Бул шығарманың баҳалылығы сонда халықтың басынан кеширген белгили ўақыяларға халықтың өзиниң көз-қарасын билдиреди. Сондай-ақ, ҳәзирги жас әўладларымыздың қәлбине, жүрегине, ана топырағының, туўған жериниң қаншелли қәдирли екенин санасына сиңдирип барыўымыз тийис.

«Бозатаў» халық тарийхынан белгили орын алған пүткил бир ўақыяны өз ишине алатуғын дөретпе. Ондағы ушырасатуғын адам, жер-суў атлары қарақалпақ халқының тарийхында бар.

Шығармада тийкарғы сөз етилетуғын ўақыя 1858-жылы Қоңыратқа жақын «Бозатаў» деген жерде болған. Поэмада басқыншылардың тыныш отырған халыққа топылысы, қарапайым пухараны қырып-жойып, шуўлатып, мал-мүлкин тартып алып, шайыр тили менен айтқанда, «ғулпақлы уғланды атасынан, қара көз, қыпша бел қыз бенен жаўанларды елинен айырып», жат-журтларға бенде етип алып кеткенлиги айтылады. Онда халықтың өзиниң туўылған ели менен хошласқандағы аўыр қайғылы аўҳалы, айдаўда кетип баратырған ҳаял-қызлар менен балалардың қайғы-ҳәсирети оғада тәсирли сүўретленеди. Душпанлар жәбиринен бас алып кетиўге мәжбүр болған Әжинияз шайырдың өзи де көзине жас алады, халықтың қайғысына қабырғасы қайысады.

Жер ҳәм ел биләндур, ел ҳәм жер билен,
Жерсиз елдиң күни дәрбе-дәр билен,
Өмири өтер жүректеги шер билен,
Қәдириң сениң бизге өтти Бозатаў

Бул қатарларда туўылған жерге деген меҳир-муҳаббат айқын көринеди.

Әжинияз туўылған жер менен ел арасындағы тығыз, ажыралмас байланыс, ўатан сезимине ийе болыў, дәрбедәр болыў ўатанынан айырылыў болып табылатуғынлығын яғный киндик қаны тамған ҳасыл топырақ – ата-бабалар мәкан тапқан жер, мәңгибақый өсип-өнген қәсийетли топырақ – ўатан сезимлери инсан жүрегинде оның қаны менен жаны қәлиплесип мәңги из қалатуғын қәстерли туйғы екенлигин айтып өтеди. Солай етип, оқыўшы жасларды ўатанды сүйиўге үйретиў, қәдирлеў, адамгершилик пазыйлетлерин өзине сиңдирип барыў ҳәм де тәлим-тәрбияны руўхый жақтан қәлиплестирип барыў керек.

Йоқ едим, бар болдым кәмала келдим,
Минип әреби атлар, дәўранлар сүрдим.
Наныңды көп жедим, рәҳәтиң көрдим,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў.

Нешше ўақ жақсыға ҳәм сөҳбет болдым,
Шады – қуррам болып, ойнадым – күлдим,
Душманлар жәбридин кетермән болдым,
Хош аман бол, бизден қалдың Бозатаў.

Шайыр поэмасының қатарларынан инсанның жүрек төриндеги ўатанға болған сезимлерин, сүйиспеншилигин, ели менен хошласып атырған халықтың аянышлы жағдайларын көриўге болады ҳәм дос-яранларынан айырылған, басына аўыр мүсийбет түскенлигин сүўретлейди. Шайыр өзиниң ең баҳалы шығармасы «Бозатаў» поэмасында ўатан ҳаққындағы миллий әҳмийетли идеяларды алға сүреди.

«Бозатаў»дағы қосық қатарлары поэманың қайғылы мазмунына ҳәм оның муңлы намасына муўапық келеди. Шығарманы оқыған ҳәм тыңлаған адамға халықтың туўылған жери менен хошласып жоқлаў айтқан зарлы сести қулаққа еситилгендей болады.

Сен бағ едиң, бүлбүл ушты, зағ қалды,
Пүткил сийнем жанды, иште дәрт қалды.

Бул қатарларда шайырдың шығармасында туўылған жер ҳаққындағы оның ҳасыл топырағында жоқтан бар болып қамалға келген инсан туйғысының ўатанға болған сезимин сәўлелендирип береди.

Әжинияздың шығармаларын, қарақалпақ халқының миллий тарийхый байлығын, мийрасын оқыўшы жасларымыз көздиң қарашығындай сақлап қәстерлеўи керек. Шайырдың «Бозатаў» шығармасының мазмунын оқыўшы жасларымыздың санасына сиңдирип, ондағы сүўретленген ўақыяларды, халықтың қандай жағдайға түскенин, ер-жигитлерди, ҳаял-қызларды ҳәм жас балаларды киндик қаны тамған жеринен, туўған жеринен душпанлар айырып алып кеткенлиги ҳаққында түсиниклер бериў керек.

Дүньядағы нәрселердиң ҳәммеси адамда қандай да бир сезим оятады, оның сезимлерине тәсир етеди. Ал, сезим-туйғы инсанға тәсир ететуғын мәнисин жүзеге шығарады. Яғный жақсы ҳәм жағымлы нәрселер гөззал сезимлерди оятса, жаман ҳәм жағымсыз нәрселер унамсыз сезим-туйғыларды оятады. Мысалы, көркем шығармалардың тийкарғы мақсети ўатанды қорғаў, елдиң ғәрезсизлиги ушын гүресиў, бас қаҳарманлардың ҳәрекети елди душпаннан қорғаўға қаратылғанлықтан, ондағы барлық эпизодлар жоқарыдағы тийкарғы пикир әтирапынан топланыў менен жырланады.

Жуўмақлап айтқанда, шайырдың көплеген шығармаларының бири жас әўладларға мийрас етип қалдырылған «Бозатаў» поэмасында ўатан сезимин өзлеринде сезе алыўын ҳәм туўған жерине болған меҳир-муҳаббатын халқына, елине көрсете алыўын уқтырыў керек. Сонлықтан, өз халқының бахты ушын, оның ар-намысы, келешеги ушын өз миллетиниң жоқары әдеп-икрамлылығы ушын гүрескен, жан күйдирген, уллы инсан Әжинияздың тәлим-тәрбиялық пикирлерин қәдирлеп үйренип, оқыўшы жасларымызға тәлим-тәрбия сыпатында қолланып барыўымыз керек.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. «Жаңаша ойлаў-дәўир талабы». «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1997.
2. Өтеўлиев И. XIX әсир қарақалпақ әдебиятының миллий өзиншеликлери. (Әжинияз, Бердақ дөретиўшилиги мысалында). Нөкис, «Билим», 2005.
3. Әжинияз «Бозатаў». Нөкис, « Қарақалпақстан», 1975.
4. Мақсетов Қ. «Дәстанлар жыраўлар бақсылар». Нөкис, «Қарақалпақстан» 1992.


## ӘЖИНИЯЗ ШЫҒАРМАЛАРЫ ТӘЛИМ-ТӘРБИЯ МЕКТЕБИ


**Р.Алаўатдинова- Баслаўыш тәлим факультетиниң 4-курс талабасы**


Әжинияз Қосыбай улы XIX әсир классик әдебиятының eң ири тулғаларының бири. Ол қарақалпақтың Қоңырат арысы ашамайлы урыўының сақыў деген тийресинен. Әжинияз дөреткен «Бозатаў» поэмасы ўатанды күшли сүйиўшилик сезими менен жырланады.

Бозатаў дегениң әжеп жай екен,
Урықлары ат отыға сай екен,

**Досходжаева А., Матмуратова Г.** Әжинияз - инсанның қәлиплесиўине тәсир етиўши факторлар ҳаққында........ 86
**Меңлибаева А., Қурбанбаева Д.** Әжинияз поэзиясында ўатан темасының жырланыўы........ 88
**Байниязова Г., Алдабергенова А.** Әжинияз шайырдың «Бозатаў» поэмасында ўатан туйғысы........ 90
**Алаўатдинова Р.** Әжинияз шығармалары тәлим-тәрбия мектеби........ 92
**Сейдеметов И.** Әжинияздың философиялық лирикасы........ 94
**Жолдасбаев Ө.** Әжинияз шығармаларындағы айырым топонимлер ҳәм оның тил тарийхына қатнасы........ 96
**Баўбекова Д.** Әжинияз шығармаларында араб тилинен аўысқан сөзлердиң жумсалыўы........ 98
**Отарова Т.** И.Юсупов лирикасында Әжинияз дәстүри........ 100
**Мураткамалова Р.** Умытылмас тулға........ 103

## ТИЛ, ӘДЕБИЯТ ТЕОРИЯСЫ ҲӘМ МЕТОДИКАСЫ

**Доспанов О.** Бердақ шығармаларындағы гейпара атақ ҳәм лаўазымлар ҳаққында........ 105
**Пахратдинов Ә., Есебаев М.** Ғәрезсизлик ҳәм улыўма билим бериўдиң гейпара машқалалары........ 108
**Алламбергенов К., Алланазаров Е.** Миллий эпикалық ҳәм жекке дөретиўшилик дәстүрлердиң дәстан дөретиўшиликте тутқан орны («Қырық қыз» дәстаны мысалында)........ 112
**Ембергенов У.** Қарақалпақ тилинен таллаў өткериў усыллары........ 113
**Ембергенов У.** Оқыўшыны қарақалпақ тилинен жазба жумысқа үйретиў........ 115
**Баўатдинова С.** Ә.Пахратдиновтың «Мәнили гәплер ҳәм халық әпсаналары»ндағы фольклорлық дөретпелердиң пайда болыўы, таралыў, жасаў өзгешелиги........ 117
**Сейдуллаева Д.** Қарақалпақ тилиндеги дәнекерли бағыныңқылы қоспа гәплер........ 119
**Ембергенова М.** Бала тәрбиясында ҳәм билим ийелеўинде баслаўыш класс оқыўшыларының орны бойынша баянат жасаў........ 121
**Шынназарова С., Есемуратов Х.** Келбетликлердиң жасалыўын оқытыў........ 124
**Шынназарова С., Қойшыбаева Г.** Оқыўшыларды келбетликлерди таллаўға үйретиў........ 127
**Ешбердиев Ф.** Қарақалпақ тилинде модаль ҳәм предикатив сөзлер........ 131
**Ктайбекова З.** Б. Қайыпназаров шығармаларында эпитетлердиң қолланылыў өзгешеликлери........ 133
**Ктайбекова З.** Ш.Сейтов поэзиясын оқытыўда техникалық қураллардың әҳмийети........ 136
**Жуманов З.** Көркем деталь ҳәм оның әдебияттаныўда үйренилиўи........ 139

## ТУЎЫСҚАН ХАЛЫҚЛАР ФИЛОЛОГИЯСЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Алламбергенов К., Төрткүлбаева Т.** Дослық дарағынан өсип шыққан нарт........ 142

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФИЛОЛОГИЯСЫ ҲӘМ ПЕДАГОГИКА

**Тлеумбетова Қ.** Балаларды өзин-өзи аңлаўға үйретиў ҳәм оған тийисли

усыныслар........................................................................................................................ 147
**Тлеумбетова Қ.** Саламат турмыс тәризин қәлиплестириўдиң педагогикалық тийкарлары........................................................................................................ 149
**Берданова П.** Уллы ойшыллар дөретиўшилигинде тәлим-тәрбия мәселелери 151
**Кенжебаева К.** Ёш оилаларга психологик ёрдам кўрсатиш.................................. 153
**Есемуратова Т., Абдалиева П.** Тәрбияда жәмийетлик орталықтың орны.......... 156
**Сапарова Л.** Оқытыў процесинде оқыўшылардың психикалық өзгешелигин есапқа алыўдың әҳмийети........................................................................................ 157
**Қурбаниязов М.** Оқыўшылардың билим алыўға талапшаңлығын асырыўда мектептиң хызмети.......................................................................................................... 160
**Мырзабекова Ғ.** Мийрим шәпәәтлилик- инсанийлық пазыйлетлердиң бири.. 163
**Мырзабекова Ғ.** Жас әўладта инсанийлық пазыйлетлерди жетилистириўде шаңарақтың орны................................................................................................... 165

# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛ БИЛИМИ ҲӘМ ӘДЕБИЯТТАНЫЎЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**2/2014**

**Топлам Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Оқыў-методикалық кеңеси қарары (2014-жыл 25-январь, №5) менен баспадан шығарыўға усынылған.**

*Бас редактор:* **К.А. Алламбергенов**
*Басылымға жуўаплы редактор:* **Қ.М. Қощанов**
*Редактор:* **Б.Р.Қурбанбаева**
*Операторлар:* **Н.М. Нысанбаев, З.Т.Жуманов**

**Әжинияз атындағы НМПИ редакция-баспа бөлими**

**Әжинияз атындағы НМПИ баспаханасында басылған. 2014-ж.**

**Буйыртпа №0078. Нусқасы – 100 дана. Форматы 60x84 Көлеми 10,7 б.т.**

**230105, Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 104. Реестр №11-3084.**